Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 47 (7291)
17 ноябрь 2017 сон
Рузман
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

Имам Шамиль гьавун 220 сон

## БахIарчи халкъазул ракIазулъ хутIула









Исана 220 сон тIубана Дагъистаналъулги Чачаназулги магIарулал цолъизарурав, мюридизм тIибитIизабун жидерго идеязул эркенлъиялъе гIоло гьел тIаде рахъинарурав диниявги политикиявги хIаракатчи имам Шамиль гьавуралдаса. Жакъа къоялде щвезегIанги гIадамазул гIакълуялъулъ ва ракIазулъ вуго гьев. 10 ноябралда «Унсоколо район» МОялъул администрациялъул азбаралъуб тIобитIана кIудияв имамас 220 сон тIубаялде буссараб тадбир. Кавказалъулго имамасул юбилей кIодо гьабизе рачIун рукIана гIемерал районаздаса ва шагьараздаса гIадамал. АхIун рукIана пачалихъиялгун общественниял ва диниял органазул хIаракатчагIи, поэтал, тарихчагIи, печаталъулгун халкъияб информациялъул хIалтIухъаби.

Саламалъулал рагIаби абун тадбир рагьана культураялъул отделалъул нач. ГI. ГIабдулаевас: «Жакъа ниль гьанир данделъун руго Кавказалъул магIарулазул цевехъан, халкъ жинда хадув арав имам Шамиль гьавуралдаса 220 сон тIубай кIодо гьабизе. Гьесул хIакъалъулъ гIемераб жо бицине бегьула. ГIицIго Дагъистаналда гуревги гьев лъала тIолабго Россиялда ва цо-цо Европаялъул улкабазда»,-ян бихьизабуна гьес. РагIи кьуна районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасе. Шамиль имамасул ишазул магIнаялъул ва кIодолъиялъул бицунаго гьес абуна: «Имам Шамилил цIаралъ бихьизабула бахIарчилъи, рецц, гIакъиллъи, тIадегIанлъи. Гьесие тIабигIаталъго кьун букIана маххулаб сахлъи, ватIа гьавулаан цIикIкIараб къуваталъ, бегIераб гIакълуялъ. Гьев ватIа гьавулаан тIадегIанал моралиял гIамал-хасияталъулал лъикIлъабазги. Гьаб экономиялъулгун социалиял захIмалъабазул заманалда гьесдасан мисал босизе ккола нилъеца – гьесул наслабаз. Жакъа нилъеца иргадулаб нухалда цойги нухалъ бихьизабулеб буго киданиги ракIазулъа Шамилги гьесул ишалги ине гьечIолъи ва гьесул васиятазе ритIухъаллъун рукIин. КIиго гIасруялдаса цIикIкIун заманаялъ гIадамазул пикруялъулъ чIаго хутIарав Шамиль хадувккунги нилъеда кIоченаро. Нилъ гIорхъи гьечIого чIухIарал рохарал руго нилъерго ракьцоясдаса. Гьев даимгоялъе гIолел гIелазе хутIана къо хIехьеялъе, къвакIиялъе, ВатIан бокьиялъе ва бихьинчилъиялъе гвангъараб мисаллъун,-ян бихьизабуна бетIерас.

Имам Шамилил хIакъалъулъ магIнаяб кIалъай гьабуна МугIрул округалъул уполномоченнияв вакил М. Камиловас, РДялъул хIинкъи гьечIолъиялъул Советалъул аппаратаълул пред. М. Мажидовас. Гьес абуна: «ГIадамал рижула эркеналлъун, гьеб тIадегIанаб ихтияр чиясулъа бахъи Аллагьасда цебе кIудияб мунагь буго»,-ян.

Гьединго баркиялъул лъикIал кIалъаял гьаруна Шамиль районалъул бетIер М. ХIасановас, Унсоколо районалъул имам Гъ-М. Абакаровас, Унсоколо районалъул хIурматияв инсан Д. Махиевас, Хасавюрт районалъул бетIерасул зам. Н. МуртазагIалиевас ва цогидазги.

Нилъер районалда щибаб къоно, щибаб сухъмахъ буго тарихалъулъ тIерхьараб. Гьединлъидал тарихалъулаб Шамилил юбилейги ана гьваридаб тарихалъулаб ахIвал-хIалалда. ГIуцIун рукIана росабазул азбарал, гьез цере рачIаразе кьолел рукIуна умумазул квенал.

Гьенибго имам Шамиль гьавуралдаса 220 сон тIубаялъул хIурматалда районалъул школазда гьоркьор лъазарун рукIана «Халкъазул вацлъи ва гьудуллъи дица нужее васият гьабула...» абураб темаялда сочинение, кечI, видеороликал, сурат бахъи гIадал къецал. Гьенир бергьаразе кьуна грамотаби ва шапакъатал.

Тадбиралда лъикIал музыкалиял номерал рихьизаруна Дахадаев, Гъуниб, Гумбет, ГIахьвахь, Хунзахъ ва цогидалги районазул художественниял хIаракатчагIаз. Цере рахъана «Гергебиль», «Унцукуль» ансамлял, театрализованиял церерахъинал рихьизаруна ГIашилтIа ва Генуб поселокалъулаб школаз.

## Имам Шамиль: «Халкъазул вацлъи ва гьудуллъи дица нужее васият гьабула…»

(Конкурсалъул хIасилал)

Гьаб соналъул I5 апрелалдаса I июналде щвезегIан районалда «Цогояб информационнияб хъулухъалъ» имам Шамиль гьавун 220 сон тIубаялъул хIурматалда тIобитIана кIудияв полководец имам Шамилил «Халкъазул вацлъи ва гьудуллъи дица нужее васият гьабула»,-абураб темаялда конкурс. Гьелъулъ гIахьаллъи гьабуна районалъул школаз. Гьеб тIобитIана лъабго номинациялда: лъикIаб хъвараб хIалтIуе, лъикIаб сурат бахъи ва лъикIаб видеоролик.

Конкурсалъул жюриялде гьорлъе унаан Унсоколо районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов, районалъул имам Гъ-М. Абакаров, РДялъул журналистазул Союзалъул пред. ГI. Камалов, тарихчи, край лъазабулев ХI. Ибрагьимов, цогояб информационнияб хъулухъалъул нухмалъулев М-Н. ХIайбулаев, культураялъул отделалъул нач. ГI. ГIабдулаев.

«ЛъикIаб творческияб хъвай-хъвагIай» абураб номинациялда балагьана батIи-батIиял жанразул (кечI хъвай, сочинение хъвай, очеркал ва гь. ц.). Гьезие кьимат кьуна КIудияв имамасул гIумроялда, эпохаялда, Кавказалъул рагъуда, халкъазул гьудуллъиялда хурхарал хIалтIабазе темаязул магIнаялда, авторасул творческияб къагIидаялда, хъвараб хасльиялда, киналго формабазул гьалатIал рукIунгутIиялда, магIнаялъулъ ва рекъа-решеялъухъ балагьун. Гьеб номинациялда призалъулал бакIал щвана Генуб школалъул цIалдохъаби Р. АхIмадовасе, У. МухIамадовалъе, ХI. ГIабдулаевалъе, А. Ибрагьимовалъе, П. МухIамадовалъе, ГIашилтIа школалъул цIалдохъан Р. НурмухIамадовалъе, Шамильхъалаялъул школалъул цIалдохъан ГI. МухIамадовалъеги.

(Ахир 2 гьумералда)

**Ахихъан**

*Районалъул газета*

*№ 47 (7191)*

*17 ноябрь 2017 сон*

2 гьумер

I4 ноябралда Дагъистаналъул заманаялъ БетIерасул ишал тIуралев Владимир Васильевгун дандчIвана журналист Максим Шевченко. Гьез дандрана гражданазул обществалъул бугеб хIалалъул ва республикаялда чиясул ихтиярал цIуниялъул бугеб хIалалъул суалал.



# Иргадулаб данделъи



I3 ноябралда «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовас райадминистрациялда тIобитIана аппараталъулаб совещание. Гьенир гIахьаллъана бетIерасул замал С. АрулмухIамадов, М. ХIасанова, М. ХIамзатов, гьесул кумекчагIи Р. ХIайбулаева, М. ХIажиев, отделазул начальникал ва цогидалги хIалтIухъаби.

Данделъиялда данде росана имам Шамиль гьавун 220 сон тIубаялда хурхун тIобитIараб тадбир араб куцалъул хIасилал. Гьединго бицана гьал къоязда тIобитIараб росдал магIишаталъул ярмаркаялъул. II ноябралда МахIачхъалаялда тIобитIараб росдал магIишаталъул ярмаркаялда гIахьаллъана ГI. НурмухIамадов ва районалъул фермерлъиялъул магIишаталъул продукциягул гьелъул вакилзаби. Гьединго гIахьаллъана культураялъулгун ракI гьеялъул программагун районалъул культураялъул хIалтIухъаби. Гьенибго хIукмо гьабуна культураялъул ва росдал магIишаталъул отделал кколеб куцалда шапакъатал кьун кIодо гьаризе.

Гьеб гуребги совещаниялда рорхана унел хIалтIабазе финансирование букIинабиялъул, налогазул, ракьал тIад хъваялъул, неформалияб занятосталъул ва цогидалги суалал.

## Имам Шамиль: «Халкъазул вацлъи ва гьудуллъи дица нужее васият гьабула...»

(Конкурсалъул хIасилал)

«ЛъикIаб сурат бахъи» абураб номинациялда къимат кьуна рагIа-ракьанде щун Шамилил, АхIулгохIалъул, Кавказалъул рагъул лъугьа-бахъинал рихьизарураб яги магIарулазул предводителасул рахъалъ жиндирго пикру, халкъазул гьудуллъиялда хурхун бихьизабурал цIалдохъабазе. ХIалтIабазе къимат кьуна гьал хадусеб къагIидаялда: бахъараб сураталъул качествоялда, хIалтIул магIна букIиналда, рагIа-ракьанде щвеялда, тема рагьулаго творческияб подходалда, авторасул идеялда, художественнияб махщалида рекъон. Гьеб номинациялда бакIал щвана Рихьуни школалъул цIалдохъан Р. ГIамировасе, Генуб школалъул цIалдохъан П. ГIабдулхIамидовалъе, Зирани школалдаса М-У. Жамалудиновасе.

ЛъикIаб видеоролик номинациялда балагьулел рукIана цIалдохъабаз жидее кьураб темаялда роликал, видеороликал рахъиялда: театралиял постановкаби, Шамилил гIумро бихьизабурал тарихияб ахIвал-хIалалда. Къимат кьолаан хадусеб къагIидаялда; съемкаялъул качествоялъухъ балагьун авторас ургъараб яги идея кьураб роликалда гьелъул оригинальносталъе, темаялде данде кколел къагIидабазе. Гьеб номинациялда призалъулал бакIал ккуна Унсоколо № 1 школалдаса А-Н. ГIабдулаевас ва Р. МухIамадовалъ, Генуб школалдаса С. Шамиловалъ, М-Н. Шамиловасги.

Киналго бергьаразе I0 ноябралда букIараб Шамилил юбилей кIодо гьабулеб тадбиралда кьуна призал.

ХIасил гьабулаго баянлъана киналго гIахьаллъарал цIалдохъабазул хIалтIаби рукIин чIахIиязул кумек гьечIого, ракI-ракIалъ жавабчилъигун гьарурал ва тIолабго рекIел хIал жаниб бихьулеб.

Конкурсазда гIахьаллъун бергьаразда ракI-ракIалъ баркула бергьенлъи. Гьарула хадубккунги цIалулъ бергьенлъаби, гIумроялъулъ битIккей. Биччанте гьеб бергьенлъи нужее букIине гIемерисезул цояблъун!

Подписка - 2018

# МацI тIагIунгутIизе



Районалъул Шамильхъалаялда бугеб «Почта России» ФГУП филиалалда гьал къоязда букIана Дагъистаналъул журналистазул союзалъул пред., «ХIакъикъат» газеталъул бетIерав редактор Камалов ГIали АхIмадовичасулгун дандчIвай. Гьелде рачIун рукIана ЦIумада, Шамиль, Хунзахъ, Гумбет, ГIахьвахъ ва цогидалги районазул отделениязул начальникал. Гьенибго гIахьаллъи гьабуна районалъул «Цогояб информационнияб хъулухъалъул отделалъул» нач. М-Н. Х1айбулаевас, почтамталъул нухмалъулев М. ИсмагIиловас, «ХIакъикъат» газеталъул бетIерав редакторасул зам. Ш. СултIанбеговалъги.

Къойил повесткаялда букIана миллияб прессаялъул суал, гьелъул мацI цIуниялъе бугеб кIваралъул. Авар мацIалда бахъулеб «ХIакъикъат» газеталъул буго I00 соналдаса дагь гьечIеб заман, гьенир ратизе бегьула политикаялъул, культураялъул ва социалиял темаби. ЦIалдолесе рес буго бищунго битIараб информация лъазе.

ДандчIвай бачана ГI. Камаловас. Жиндирго кIалъаялда гьес бихьизабуна: «Обществалъул подпискаялде интерес лъугIун бугин. Гьелъие гIилла буго хIажатаб информация интернеталдасан щолеб букIин, амма газета сунцаниги хисуларо. ТIад буссинабизе хIажат буго подписка гьабулеб заман, гIолеб гIелалда магIарул мацI лъаялъе ва гьеб тIагIунгутIиялъе. ГIолилазе информация интернеталдасан щолеб батаниги чIахIияб гIелалъе бокьула ругьунаб газета, гьеб бугони цIунизе кIола гIагараб мацIги. Школазда авар мацIал рокьи куцазе ккола, авар мацIалда цIалдолезул къадар цIикIкIинабизе ккола, гьеб цIуниялда хурхун гIолеб гIелалъулгун гара-чIвариял гьаризе ккола»,-ян.

Гьединго гьес бихьизабуна: «Дие жакъа нужеда абизе бокьун буго щибал отделенияз магIарул газетал хъваялде кIвар кье,-ян. Нилъер цохIого масъала буго. Дирго 70 сонида жаниб 60 соналъ дун хIалтIана гьаб сфераялда, нахъе унагоги дирго лъалкI тезе бокьун буго. Дие бокьун буго тIоцебе МахIач Дахадаевас къватIибе биччараб газета нужеца, отделениязул нухмалъулез хIурматалда цIунизе, гьеб тIагIине теларин, гьелъул къимат борхизабилин. Гьеб гьабизе ккола нилъер гIел цебеса индал газета тIагIинчIого букIине. Гьелда божилъи гьабизе бокьун буго дие»,-ян абуна гьес.

Данделъиялда кIалъазе рахъана почтамтазул отделениязул нухмалъулел. Щивас бицана жидедаго дандчIвалел захIмалъабазул, кьуна жидерго предложениял. Киназго бицана хъвалел газетал дагьал рукIиналъул, ай газетал гIицIго чIахIияб гIелалъ гурони цIалулел гьечIин, гIолилал гIемерисел шагьаразда ругин, гьезухъе элетроннияб варианталда щолеб буго газета, гьелда гIей гьабун чIолелги руго.

Гьединго кIалъана М-Н. Х1айбулаев: «Нижер организациялде гьоркьобе уна «Ахихъан» газетаги. Нижерги хIалбихьи буго гьелъие подписка гьабиялъул. Араб соналда бетIерай редакторгун цадахъ ниж щвана росабалъе, гьенир почтамтазде, гьабуна газеталъул рахъалъ гара-чIвариял. Нижеда бичIчIула нужер хIалтIул захIмалъи ва баркала загьир гьабула нижее гьабураб хIалтIухъ. Амма хIажат буго газетал хъваялъе кинабго гьабизе, хIажат буго отделенияз хIалтIи хIаракатлъизабизе, администрацияздасан кумек тIалаб гьабизе, къокъаб заманалда хIалтIи гIуцIизе.

Гьединго бокьун буго щай газеталъул электроннияб вариантазул хъвай-хъвагIай гьабулебали бицине. Нилъер гIемерисезе бокьулеб гьечIо я газета яги тIахьал цIализе, гьезда гьоркьоб пайдаяб информация тIибитIизабиялъе, гьезул интерес бачIинабиялъе гьабула электроннияб вариант»,-ян бихьизабуна гьес.

Ахиралда Шамильхъалаялъул почтамталъул нач. М. Макъсудовас баркала загьир гьабуна Г1. Камаловасе ва цогидалги данделъиялде рачIаразе. Гьединго тIаде жубана отделениязул хIалтIудаса рази вугин ва хадубккунги гьез подпискаялъул хIалтIи кодохъ босиялда божарав вугин.

## ХIурматиял «Ахихъан» газета цIалулел!

Унеб буго 20I8 соналъул тIоцебесеб бащдаб лъагIалие «Ахихъан» газеталъе подписка гьаби. Гьеб гьабула щибаб росдал почталъул отделениязда ва Шамильхъалаялда бугеб почтамталдасанги.

Газета лъагIалиего хъвазе бегьула 400,36 гъ., бащдаб лъагIалие 2I0,I8 гъ.. Редакциялдасан хъвалезе эркенаб къагIидаялъ багьа толеб буго лъаг1алиего I50 гъурущалде.

ХIурматиял газета цIалулел, редколлегиялъ кинабго гьабулеб буго районалда ккараб-таралъул, гьелъул захIматалъулал гIадамазул хIакъалъулъ нужее битIараб информация кьеялъе, нужее пайдаял программабазул бициналъе, пайдаял малъа-хъваял гьариялъе. КIочон тоге бищунго нужеде гIагараб газета хъвазе, гьабе гьелъулгун гьудуллъи! Нуж гьелдаса рекIекълъиларо!»

**РЕДКОЛЛЕГИЯ**

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 47 (7191)*
*Рузман*
*17 ноябрь 2017 сон*
3 гьумер

# С а д о в о д

Страница в номере



## В Махачкале прошла сельскохозяйственная ярмарка



11 ноября, в Махачкале на улице Пушкина открылась сельскохозяйственная ярмарка. Организатором мероприятия выступило Министерство сельского хозяйства и продовольствия Республики Дагестан.

Ярмарку посетили врио главы Республики Дагестан Владимир Васильев, врио председателя Правительства РД Абдусамад Гамидов, председатель Народного Собрания РД Хизри Шихсаидов, глава города Махачкалы Муса Мусаев и другие. На ярмарке приняли участие глава Унцукульского района Иса Нурмагомедов и представители фермерских хозяйств района со своей продукцией.

Свою продукцию представили сельхозтоваропроизводители из всех городов и районов Республики Дагестан и Ставропольского края. С раннего утра на улице Пушкина и яблоку упасть негде – настолько много желающих оказалось посетить ярмарку. Махачкалинцы смогли купить здесь овощи, фрукты, мясо, сахар, различные крупы, масло, мед и другую продукцию по ценам на 20% ниже рыночных. Кроме того, здесь развернулись национальные майданы, где была широкая культурно-развлекательная программа. Представители муниципалитетов республики, одетые в национальные костюмы, продемонстрировали фольклорное своеобразие, уникальную этнокультуру дагестанских народностей. У каждого майдана – музыка, танцы, песни, национальные блюда и, конечно же, хорошее настроение.

Врио главы республики Владимир Васильев пообщался с сельхозтоваропроизводителями, расспросил о проблемах, с которыми чаще всего приходится сталкиваться предпринимателям. Они, в свою очередь, рассказали ему, какой в этом году уродился урожай, как они реализуют продукцию, угостили его своей продукцией и национальными блюдами.

Обойдя все подворья, Владимир Васильев отметил высокий уровень организации ярмарки и широкий ассортимент продукции.

– Мои впечатления о ярмарке самые положительные. Люди привезли то, что произвели с душой, с любовью. Всем предлагают попробовать. Самое приятное, что и жители города приходят, делают покупки. Приятно, что по общей оценке год неплохой. Я не слышал критики в части невыполнения обязательств со стороны правительства. Была одна реплика, что деньги приходят чуть позднее чем хотелось бы, но тут же продавец оговорился, что ситуация изменилась. Я надеюсь, что так и есть. Мы будем не только надеяться, но и помогать, потому что селяне должны ощущать поддержку. Вы знаете и позицию президента страны по этому вопросу. Потому что это продовольственная безопасность, это наше будущее. Теперь мы можем и без турецких помидоров обойтись, и без польских яблок, такие яблоки сегодня показали сегодня, что невозможно отойти, на любой вкус, причем экологически чистые, – отметил Васильев.

Глава города Махачкалы Муса Мусаев также пообщался с сельхозпроизводителями, расспросил о ценах, о качестве товара. Градоначальник наряду с другими горожанами также сделал покупки и лично убедился в низких ценах практически на весь ассортимент.

Мусаев отметил, что такие ярмарки очень важны и их необходимо проводить регулярно.

Производители сельхозпродукции с радостью принимали гостей: они не только продавали, но и весело провели время. В такой праздничной атмосфере не смог удержаться от танца и сам глава города, которого поддержали и другие участники мероприятия.

Представитель МУП «8 Марта» Мурад Сагитов рассказал, что сегодня на ярмарке МУП предлагает натуральное мясо, цена которого значительно ниже, чем на рынке.

– Мы привезли говядину. Молоко тоже было у нас, но его взяли нарасхват и даже жаловались, что мы привезли мало. Мясо у нас стоит 220 рублей, когда на рынке его стоимость доходит до 270-300 рублей. Для нас главное – поддержка, и мы будем поставлять натуральную продукцию по приемлемой цене, – говорит Сагитов.

Мадина Абдулманапова приехала на ярмарку из Южно-Сухокумска.

– Мы привезли кур, мясо, капусту и яйца. Все производство наше, очень хорошо идет. Столько кур было – целая машина, все закончились. На рынке цена 125 рублей мы продаем за 115. Из-за этого все расхватали, – говорит Абдулманапова.

Ахмед Тажутдинов, сельхозтоваропроизводитель из селения Ахкент Левашинского района, привез капусту, картошку, бурак.

– У нас натуральные продукты, почему бы не купить. Еще даже обеда нет, но почти все раскупили, – говорит Тажутдинов.

Покупатели, в свою очередь, высоко оценили качество товаров и цены.

– Цены очень даже хорошие, ниже рыночных. Все устраивает, все хорошо. Приходим часто, много что купили из молочных продуктов, рыбу взяли, очень приятно. Очень хотелось бы, чтобы такие ярмарки проводились почаще, – говорит махачкалинец Рустам Магомедов.

Заместитель министра сельского хозяйства и продовольствия Республики Дагестан Шамиль Алиев отметил, что такие ярмарки будут проводиться на регулярной основе.

– Сегодня наши люди производят ту продукцию, которая может конкурировать на любом рынке. Мы эти ярмарки проводим ежегодно, а раньше вообще проводили ежемесячно. Просто в связи с тем, что в Махачкале ведутся ремонтные работы, мы решили немножко повременить с ярмарками. Но сейчас у нас будет договоренность с администрацией, и мы будем их проводить на регулярной основе, – сообщил Алиев.

## Поздравление

Дорогие призывники, будущие защитники Отечества!

Поздравляю вас с праздником – Всероссийским Днем призывника!

Служба в Вооружённых силах – это школа возмужания, становления молодого человека как мужчины и гражданина, почетная и ответственная миссия.

Вливаясь в ряды Российской Армии, вы становитесь защитниками Отечества.

От того, как вы будете относиться к своим воинским обязанностям, как будете постигать военные науки, будет зависеть обороноспособность нашей страны, спокойствие, мир и созидательный труд всего российского народа. Я надеюсь, что вы зарекомендуете себя грамотными воинами.

Уверен, что наш Унцукульский район будет вами гордиться, что армейская служба станет для вас хорошей школой жизни! Желаю вам крепкого здоровья и успехов в нелегком ратном труде. Родителям - терпения, поддержки, внимания своих детей.

**Иса Магомедович Нурмагомедов.**
**Глава МО «Унцукульский район»**

## Благодарственные письма от ГТРК «Дагестан»



Сегодня, 14 ноября, представители Дирекции ГТРК «Дагестан», с пожеланиями мира, благополучия и процветания, вручили благодарственные письма Главе Муниципального Образования «Унцукульский район» - Нурмагомедову Исе Магомедовичу и руководителю МБУ «Единая информационная служба» - Хайбулаеву Магомеднаби Узаировичу. В письме выражена благодарность Исе Магомедовичу и Магомеднаби Узаировичу за помощь в проведении Всероссийского фестиваля национального Вещания «Голос Евразии», состоявшегося 4 августа 2017 года, в пгт. Шамилькала Унцукульского района.

Искренне поздравляем их с наградой. Желаем дальнейших успехов, сопутствия удачи во всех делах и блага во всех начинаниях! Пусть Ваш высокий профессионализм и весомый труд будут всегда оценены по достоинству.

## Объявление

20 ноября 2017 г. в рамках реализации Федерального закона «О бесплатной юридической помощи в Российской Федерации» проводится всероссийский День правовой помощи детям .

В здании Администрации МР «Унцукульский район» всем обратившимся будет оказана правовая помощь в форме консультаций специалистами опеки и попечительства, специалистом по правовым вопросам, секретарем комиссии по делам несовершеннолетних, специалистом Управления социальной защиты населения в Администрации МР «Унцукульский район».

**Место проведения:** Унцукульский район, п. Шамилькала, ул. М. Дахадаева, 3, здание Администрации МР «Унцукульский район», кабинет специалистов по опеки и попечительству.

# Теннисалъул турнир тIобитIана

Халкъазул цолъиялъул къоялъ Балахьуни росулъ тIобитIана столалда хIалеб теннисалъул къецал. Дагъистаналъул гIемерисел бакIаздаса теннис хIалез гIахьаллъи гьабуна къецазда. Гьеб тIобитIана МухIамадов ГъазимухIамад ракIалде щвеялъе.



Гьединал къецал Балахьуни тIоритIана кIиабилеб нухалда.

Тадбир гIуцIиялъул иш жидедего босана Балахьуни росдал ДЮСШ столалда хIалеб теннисалъул тренер Я. ГIабдулвагьбовас, росдал администрациялъ, гIарцул рахъалъ кумек гьабуна предприниматель М. ГIабдулаевас.

Къецал рагьиялда гIахьаллъана «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадов, районалъул халкъияб Собраниялъул депутат М. МухIамадов ва цогидалги районалъул вакилзаби.

Гьениб гIахьаллъи гьабуна МахIачхъалаялдаса, Каспийскиялдаса, Бабаюрталдаса, Карабудахкент районалъул Турбуки росдал, Гъуниб, Унсоколо, МухIарамкент районазул, гьединго Балахьуни ругел Россиялъул МВДялъул ОГ ВОГОялъул полициялъул командабаз. Кинавниги гIахьаллъи гьабуна 49 спортсменас.

Тадбир рагьана ва саламалъулаб калам гьабуна районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас. Гьес абуна: «Спорт ккола ракълил вакил. Физкультурагун спорталъулъ ругеб мехалъ нилъ рукIуна рухI-жаналда, лъикIаб сахлъиялда. Гьединлъидал кIванагIан гIемерал гIадамал спорталъулъе цIай буго нилъер мурад, гIадамазул кIвар буссинабизе ккола столалда хIалеб теннисалде. Гьединал къецаз гIолеб гIелалъулги ветераназулги гьоркьоблъи щула гьабула, муниципалитеталда гIаммаб спорт цебетIола».

Хадуб хIаязулъ лъикIал хIасилал щвей мурад букIин загьир гьабуна М. МухIамадовас, росдал спортивияб школалъул директор А. МухIамадовас.

Къецал тIоритIана тIадегIанаб даражаялда, кинаб букIаниги гIадлу хвезаби гьечIого. Бергьаразе къуна грамотаби, медалал, гIарцулал сайгъатал. КIиабилеб нухалдаги тIоцебесеб бакI ккуна Т. Хасбулатовас, кIиабилеб бакIалде вачIана Балахьуни школалъул спортсмен М. АхIматIхьанов, лъабабилеб бакI жидедаго гьоркьоб бикьана ГI. Мусаевас, Э. Рустамовас.

Ахиралда тадбир гIуцIараз баркала загьир гьабуна гIахьалчагIазе.

Районалда чIварал РФялъул ОМВДялъул хIалтIухъаби ракIалде щвеялъе

# Волейболалъул къецал



I2 ноябралда Генуб росулъ букIана районалда чIварал Россиялъул ОМВДялъул хIалтIухъаби ракIалде щвезариялъе тIобитIулеб волейболалъул къецазул турнир. Тадбир рагьиялда гIахьаллъана ва кIалъана РФялъул МВДялъул районалда вугев нач., полициялъул полковник М. МухIамадов, Шамилъхъалаялъул опергруппаялъул нач., полициялъул полковник С. Ландяков, Балахьуни бугеб группаялъул нач., полициялъул полковник Д. Кириллов, районалда гIолилазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул отделалъул нач. А. МухIастанов. КIалъзе рахьараз гIолилазе гьарана лъикIал хIасилал. Гьадинал спортивиял дандчIваял гIемер гьаруни лъикIаб букIинаанин бихьизабуна Д. Кирилловас.

Турниралда гIахьаллъана РФялъул ОМВДялъул Хьаргаби, Гъуниб, Шамиль, Унсоколо ругел полициялъулазул командаби. Гьединго гIахьаллъи гьабуна Балахьуни, Унсоколо, Майданское, Генуб росабазул ва Шамилъхъала поселокалъул командабаз.

ТIоцебесеб бакI ккуна Балахьуни командаялъ, кIиабилеб бакI Майданское командаялъ ва лъабабилеб – Унсоколо росдал командаялъ. Бергьаразе къуна гIарцулал призал.



# Депрессия

**(Депрессия бахчун букIине бегьула черхалъул батIи-батIиял гIоларел рахъазда нахъа, кин гьеб къватIиб чIвазабилеб?)**

**Чохьониб дискомфорт, унти сверулеб буго тIолабго черхалъулъ**

Депрессия бугеб мехалъ бук1уна кванирукъалъул, бакьазул захIмалъаби; бакIлъи ва чехь гьорой, запорал, риххел ва ракI багъари, кваназе бокьунгутIи, бакI-бакIалкколеб гIадаб унти. ГIадат хIисабалда ахIвал-хIал квешлъула къаси ва радал, лъикIлъула къоялъул кIиабилеб бащалъиялда. Гьединал симптомалгун цо-цо мехалъ гIадамал больницаялда лъола острый аппендецит, холецестит, кванил отравление яги внематочная беременность бугин. Я терапевтас я хирургас гьединазе кумек гьабуларо.

**РакI унтула**

Стрессалъ ва депрессиялъ цIикIкIинабула пульс, ракI бугеб бакI унти, каранда къанцIуй яги квачай лъугьуна, амма кардиограмма бахьараб мехалъ кинабго нормаялда батула. Кардиологазги щибго батичIого ритIула цойги врачасухъе. РекIел дарабаз гIадат хIисабалда унти дагь гьабула, амма тIубанго унаро. Стенокардиялъе данде кколеб нитроглицериналъ депрессиялъе кумек гьабуларо. Гьабула волидолалъ, корвалолалъ, валерианкаялъ, зверобоялъ, мятаялъ ва мелисаялъ.

**Макъу щоларо**



Депрессия бугеб мехалъ макъу щоларо. ГIадан бачIинахъего кьижун ккола, хадув ворчIула ва тIокIалъ кьижизе кIоларого лъугьуна. Радал вахьуна свакаравлъун, кваназе бокьуларо, хIалтIудаги свакала, къвакIараб кофе гьечIого хIалтIизе кIоларо. РукIалиде вачIуна къад, амма кIиго сагIаталдасан цIидасан ссун уна гьира-цIа ва хадубккун вухарав чи гIадин бакI-бакI унтун лъугьуна. Гьединаб мехалъ кьижизарулеб дару гьекъаниги кумек гьабуларо.

**БетIер унтула**

Квешго унтула бетIер, бакI-бакIалдаса гьеб бахъ-бахъун балеб яги къанцIулеб г1адин букIуна, черхалда бакI-бакIалдасан цIунцIраби унел гIадаб асар лъугьуна. Унти секьизарулел дарабазги гьединаб мехалъ кумек гьабуларо. Врачас лъола диагноз мигрень яги вегетососудистияб дистониа абун ва хьвала мозгалъулъе би хьвадизарулел ноотропал. Амма гьез дагьабги квеш лъугьинабула, неврозность жеги кутаклъизабула.

**Унти хьвадизе лъугьуна гьурмалъ**

Депрессия бахчун букIине бегьула невралгиялда нахъа тройничнияб яги языкоглоточнияб нервалъулъ, баккун бачIуна гIосол унти. Секьинабулел дарабазги гьелъие пайда гьабуларо. Цо-цояз гьеб гIусазул врачасда бахъизабула, амма заманаялъ гурони унти къотIуларо. ТIадехун рехсарал гIаламатал загьирлъани ине ккола гIицIго психиаторасухъе.

**БатIи-батIиял жал рекIеде рехула.**

Байбихьула къучI гьечIеб хIинкъи. Хваликьа, ракI чIеялъукьа, инсульталъукьа, сахлъуларел унтабазукьа хIинкъи. Цо-цоязул лъугьуна паническиял атакаби, гьел рукIуна къаси, радал, къаде гурони рукIалиде рачIунаро. Сах гьабула гIицIго антидепрессантаз.

**Н. Т. ПАСОХЕВ, психотерапевт**

Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация
Унцукульского района

Главный редактор

КЕБЕДМАГОМЕДОВА
САНИЯТ
КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 16. 11. 17 г. 16. 40
фактически -17. 40 мин.
.......................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.